

Obeyi pwofèt yo

Pa Èldè Claudio R. M. Costa

Nan Prezidans Swasanndis yo

***Ala yon gwo benediksyon sa ye pou nou gen pwofèt nan epòk nou an!***

M se yon konvèti nan Legliz la. Mwen rekonesan anpil dèské Bondye te reponn priyè mwen epi l te ban m yon konesans ak yon temwayaj solid ke Joseph Smith se yon pwofèt Bondye.

Anvan m te pran desizyon pou m te batize nan Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo, m te etidye kèk ekstrè nan istwa Joseph Smith la. Mwen te priye apre m te atantivman li chak paragraf. Si ou ta renmen fè menm bagay la tou, sa ka pran w 14 èdtan.

Apre m te fin li, medite ak priye, Senyè a te ban m asirans ke Joseph Smith sete pwofèt li. Mwen temwayne nou ke Joseph Smith se yon pwofèt, e paske m te resevwa repons sa a nan men Senyè a, mwen konnen ke tout siksesè l yo se pwofèt tou. Ala yon gwo benediksyon sa ye pou nou gen pwofèt nan epòk nou an!

Poukisa li enpòtan pou gen pwofèt vivan pou gide vrè Legliz Jezikri a ak manm li yo?

Nan Gid Ekriti yo, nou jwenn definisyon pou mo pwofèt la: “Yon moun ki aple pa Bondye epi ki pale pou Li. Antanke mesaje Bondye, yon pwofèt resevwa kòmandman, pwofesi ak revelasyon nan men Bondye” (“Prophet,” scriptures.lds.org; gade Bible Dictionary, “Prophet” tou).

Se yon gwo benediksyon pou yon moun resevwa pawòl, kòmandman ak gidans Senyè a nan epòk difisil sa yo sou tè a. Pwofèt la kapab jwenn enspirasyon pou wè lavni pou benefis limanite.

Yo di nou ke “Konsa tou, ou mèt sèten, Senyè a pap janm fè anyen san li pa fè pwofèt yo, sèvitè l yo konnen” (Amòs 3:7). Nan ekriti sa a, nou aprann ke Senyè ap revele pwofèt li yo tout bagay nèt ke l santi ki nesesè pou fè nou konnen. L ap revele nou volonte li epi l ap enstwi nou atravè pwofèt li yo.

Senyè a pwomèt nou ke si nou kwè nan sen pwofèt li yo, nou ta dwe gen lavi etènèl (gade D&A 20:26). Nan sisyèm Atik Lafwa a nou deklare ke nou kwè nan pwofèt. Kwè vledi gen lafwa ak konfyans nan yo epi suiv ak fè sa pwofèt yo mande nou pou nou fè.

An 1980, lè Prezidan Ezra Taft Benson t ap sèvi kòm prezidan Kolèj Douz Apot yo, li te bay yon mesaj puisan konsènan obeyi pwofèt yo nan yon devosyonèl BYU nan Marriott Center. Gwo mesaj li a ki te rele, ““Fourteen Fundamentals in Following the Prophet, (Katòz prensip fondamantal nan suiv Pwofèt la)” te touche kè mwen. Li te fè m santi m byen dèské m te pran desizyon pou suiv pwofèt yo pou rès lavi mwen lè m te aksepte batize nan vrè Legliz Senyè a.

Mwen ta renmen pataje avèk nou kèk nan prensip Prezidan Benson te anseye yo:

“Premyèman: Pwofèt la se sèl moun ki pale pou Senyè a nan tout bagay” (*1980 Devotional Speeches of the Year [1981], 26*)).

Nan epòk pa nou an, pwofèt Bondye a di nou pou nou respekte kòmandman yo, renmen pwochen nou, pou n sèvi, pou nou pran swen jenerasyon k ap grandi a, al chèche inaktif yo ak mwens aktif yo---pou nou fè anpil bagay ke nou rele priyrite pwofesik. Nou bezwen konprann ke priyrite sa yo se priyrite Bondye yo ye, epi pwofèt la se vwa li pou kominike yo bay tout Legliz la ak mond lan.

Yo konseye nou pou nou “koute tout pawòl ak kòmandman li ba nou yo” (D&A 21:4). Nou aprann tou:

“Paske nou pral resevwa pawòl li, tankou l te soti nan pwòp bouch pa m, nan tout pasyans ak lafwa.

“Paske, lè nou fè sa, pòt lanfè yo p ap gen viktwa sou nou, wi, epi Senyè Bondye a ap dispèse pouvwa tenèb yo devan nou, epi l ap fè syèl yo souke pou byen nou, ak pou laglwa non li?”(D&A 21:5--6).

Dezyèm prensip fondamantal: “*Pwofèt vivan an pi enpòtan pou nou pase liv kanonik yo.*” (“Fourteen Fundamentals,” 26).

Pwofèt vivan an ap resevwa revelasyon espesifik pou nou. M ka sonje anpil fwa kote m te konn prezan pou tande youn nan sèvitè Senyè yo ap pale sou yon bagay espesifik pou yon vil oswa yon peyi. Mwen sonje omwen twa nan pwofèt vivan, vwayan ak revelatè yo ki te pale konsènan peyi mwen, Brezil. Youn nan sèvitè sa yo te di ke Brezil t ap vin tounen yon puisans ekonomik nan mond lan epi l t ap libere anba enflasyon. Nan epòk la, nou te gen enflasyon a de chif chak mwa. Sa te difisil pou anpil moun pou yo te kwè sa pwofèt la te di a, men mwen te kwè. Brezil te vin gen apeprè 5 poustan enflasyon chak ane pandan plizyè ane rive jodia. Brezil vin tounen uityèm nan ekonomi mond lan, e peyi a ap byen mache!

Twazyèm prensip fondamantal: “*Pwofèt vivan an pi enpòtan pou nou pase yon pwofèt ki mouri.*” (“Fourteen Fundamentals,” 27).

Nou aprann yon gwo leson konsènan sa nan ekriti yo. Nan tan Noe a li te pi fasil pou pèp la te kwè nan pwofèt ki te mouri yo, men li te difisil pou yo te kwè nan Noe. Nou konnen ke akoz enkredilite yo, yo te peri nan Delij la (gade Jenèz 6--7).

Katriyèm prensip fondamantal: “*Pwofèt la pa p janm egare Legliz la.*” (“Fourteen Fundamentals,” 27).

Ankò, nou aprann nan men pwofèt vivan yo. Prezidan Wilford Woodruf te di: “Senyè a pa p janm pèmèt mwen menm oswa nenpòt lòt moun ki kanpe kòm Prezidan Legliz sa a egare nou. Sa pa nan pwogram nan. Sa pa nan entansyon Bondye. Si m ta eseye fè sa, Senyè a t ap retire m nan plas mwen an, e se konsa l ap fè pou nenpòt moun ki ta esye mennen pitit lezòm yo lwen revelasyon Bondye yo ak lwen devwa yo” (Deklarasyon Ofisyèl 1).

Senkyèm prensip fondamantal: “*Pwofèt la pa oblige gen yon fòmasyon oswa referans terès patikilye pou l pale sou nenpòt ki sijè oubyen aji nan nenpòt ki domèn nenpòt kilè.*” (“Fourteen Fundamentals,” 27).

Senyè a te aple yon jenn gason, Joseph Smith, pou retabli Legliz li a. Èske nou panse jenn Joseph Smith sete yon doktè an teyololoji oswa lasyans? Nou konnen ke li te yon jenn gason enb san fòmasyon akademik. Men Senyè a te chwazi li, epi li te resevwa nan men Senyè a tout sa ki te nesesè pou onore ak mayifye apèl li kòm pwofèt Retablisman an.

Prezidan Benson te kontinye:

“Sizyèm: *Pwofèt la pa gen pou l di, ‘Sa se pawòl Senyè a’ pou l gen fòs ekriti...*

“Setyèm: *Pwofèt la di nou sa nou bezwen konnen, pa toujou sa nou anvi konnen.*” (“Fourteen Fundamentals,”27, 28).

Epi Prezidan Benson te site 1 Nefi 16:1, 3:

“Epi, se te konsa, apre mwen menm, Nefi, m te fin pale avèk frè m yo, men sa yo te di m: Ou te deklare nou bagay ki di, plis pase sa nou kapab sipòte. . . .

“Kounyeya frè m yo, si nou te jis e si nou te vle koute verite a e si nou te obeyi l, pou nou ta mache dwat devan Bondye, nou pa t ap plenyen poutèt verite a, epi nou pa t ap di: Ou pale bagay ki di kont nou.”

Yuityèm prensip fondamantal: “*Pwofèt la pa gen limit rezonman lèzòm genyen . . .*

“... Èske l parèt rezonab pou geri maladi lalèp nan di yon nomm pou l plonje sèt fwa nan yon larivyè byen patikilye? Men, se presizeman sa pwofèt Eli te di lepre a pou l te fè, epi li te geri (Gade 2 Wa 5).” (“Fourteen Fundamentals,”28).

Epi Prezidan Benson te kontinye bay lòt prensip konsènan obeyi pwofèt la. M pral li sis dènye yo epi m envite nou nan twochen sware familyal nou pou n chèche jwenn prensip sa yo nan pawòl ak ansèyman pwofèt vivan, vwayan ak revelatè nou yo pandan konferans jeneral sa a.

“Nevyèm: *Pwofèt la ka resevwa revelasyon sou nenpòt sijè---tanporèl oswa espirityèl. . . .*

“Dizyèm: *Pwofèt la gen dwa pale sou zafè sivik...*

“Onzyèm: *De gwoup moun ki gen pi gwo difikilte pou suiv pwofèt la yo se ògeye ki save yo ak ògeye ki rich yo.*

“Douzyèm: *Pwofèt la pa p nesesèman popilè nan je mond lan ak pou moun mond lan. . . .*

“Trèzyèm: *Pwofèt la ak konseye l yo fòme Premyè Prezidans lan---pi gwo kowòm nan Legliz la. . . .*

“Katòzyèm: *Pwofèt la ak prezidans lan---pwofèt vivan an ak Premyè Prezidans lan---suiv yo epi n ap beni; rejte yo epi n ap soufri.*” (“Fourteen Fundamentals,”29).

Nou gen privilèj pou n jwenn pawòl pwofèt vivan, vwayan ak revelatè nou yo pandan bèle konferans jeneral sa a. Yo pral eksprime volonté Senyè a pou nou menm, pèp li a. Yo pral transmèt pawòl Bondye ak konsèy li pou nou. Pote atansyon epi suiv enstriksyon yo ak sigjesyon yo, epi mwen temwaye nou ke lavi nou ap konplètman beni.

Jezi se Kris la, Sovè nou ak Redanmtè nou. Thomas S. Monson se pwofèt vivan Bondye a epi Premye Prezidans lan ak Kowòm Douz Apot yo se pwofèt, vwayan ak revelatè. Nan non Jezikri, amèn.